
RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
BIC-GOUV
BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT

# NOTE AU PUBLIC

Tenk bu jem ci waa pénc mi



# DÉGGOO AK FMI

## Doxaliin wu bees ngir joyyanti koomum Senegaal

# *Dox jëm ci sémbu 1 243i milyaari FCFA*

*Senegaal ak "Fonds monétaire international (FMI)" tënk nañu, talaata 1 panu sebtàmbar 2026, ag déggoo guy tijji buntu lëkkaloo ci sémbu koom ak koppar wu tollu ci 2,2i milyaari dolaar (1 243 milyaari FCFA) ci ñetti at. Door nañu Pexem Saytu Borub Senegaal (PTDS) ci bis bi ngir gën a ñoŋal bor bi boole ko ak dajale ndànk-ndànk koppar yi war ngir finaase fànn yi gën a far ci réew mi. Jëwriñu Koom mi, Koppar yi ak Palaŋ bi, Seex DIBA, dikkaat na ci lu yaatu ci ñaari dogal yu am solo yii doon luy màndargaal njeextalu liggéey bi FMI dooroon 19i fani ut 2026 ci Ndakaaru.*



# Déggoo gu am solo ci wàllu mboor



« Ginnaaw ay ayi-bisi weccente, Senegaal ak "Fonds monétaire international (FMI)" tënk nañu ag déggoo guy tijji buntu lëkkaloo ci sémbu koom ak koppar yu tollu ci 2,2i milyaari dolaar, di yemoo ak 1 243i milyaari FCFA. Ngóornamaŋ bi a ngi jàpp Sémb wii ngir indi tontu lu leer ci jàmbati askan wi ci lu jëm ci dundalaat koom mi, yoriin wu ñoŋ ci alalu askan wi ak sottal yenn mbébet yi ci wàllu suqaliku. Déggoo gii nag day màndargaal doxaliin wu yees ci sunu réew, di doxaliin wu sampu ci kenoy yamale ci ni ñuy saytoo koom mi ak ni ñuy séddalee alal ji.

Ngóornamaŋ bi ci pas-pasu amal yoriin wu leer, dina fésal mbooleem tomb yi boole ko ak jël matukaay yi war ngir wéyal joyyanti gi, dundalaat gi ak gën a ñoŋal politig piblig yi. Te tay bu nu manee tàbbi ci yoon wii ak xel mu dal, dafa fekk Senegaal am pexe mu leer te nosewu, ak ay campeef yu taxaw temm ngir sàmm koom mi boole ko ak wéy ci yoonu coppite yi nu dooroon.

Xam nanu fi nu tollu, xam nanu li tolluwaay bi laaj, moo tax nu taxaw ngir amal ci tontu lu leer. Tay, matal nanu ñaari ayi bis yu nu doon séq ub liggéey ak FMI. Ci diiru liggéey yi nag, waxtaan yi a ngi jëmoon ci tolluwaayu koom mi ak koppar yi, li nu ci nisar ci diir bu digg-dóomu, li Càmm gi yittewoo ciy koppar, niki noonu doxaliin yi ak yeesal yi war ngir gën a feddali dal gi ci wàllu koom mi boole ko ak jàpp bu baax ci yokkute gu sax dàkk te daj fépp. Waxtaan yi may nañu, nu gën a feddali càmbar gi nu dooroon, leeral tontu yi nu fas yéenee indi ci yonjaxug sunu koppari pénc mi boole ko ak wéyal ndànk-ndànk waxtaan yi nu sumb. »

## Tolluwaayu koppar yuy laaj jëf

« Tay sunu réew dafa war a jàmmaarloo ak lu ñépp teg seen gët : bu nu demee ba sas yi di gën a tegaloo teg ci àpp yi nu war a fay bor bi di gën a yokk, fàww dooley Nguur gi ci wàllu koppar di gën a wàññiku. At mu jot, war nanu, waxuma la rekk mottali li des ci njël li, waaye fàww nu fay bor yi seen àpp jot. Kon yamatul rekk ci xam dayob sunu bor bi, waaye danoo war di xayma li nu soxla ciy koppar, alal ji nu man a dajaleel sunu bopp ak anam yi sunu partaneer yi ak marse yi di wéyee di nu jàppale. Laaj boobu nag la Ngóornamaŋ bi indi tontu. »

## Jubluwaay yi ak dayob déggoo gi ak FMI



« Sunu yéene tay lu leer la : yoyyanti ndànk-ndànk rëq-rëq yi am ci njël li, gën a ñoŋal sunu bor bi ak delloosiwaat ba fàww kàttanu Càmm gi ci wàllu finaasmaa, te du tax nu gàllankoor kenoy sunu yokkute.

Loolu nag mooy solos déggoo gii nga xam ne, li ci njëkk mooy, yeesalaat jëflante gi diggante FMI ak Senegaal. Dina xàll yoonu lëkkaloo gu yees ak doxalaat jëflante gi ak sunu partaneer yi, waaye rawatina jot ci finaasmaa yu bees ci anam yu ëpp njariñ, lépp ngir man a taxawu askan wi, sunu koom mi niki noonu sémb yu mag yi nu gën a yittewoo ci pénc mi. Njeexital yu am solo yi mu am dina tax nu man a dooraat finaasmaa yu mag yi boole ko ak gën a jàpp ci dundalaat ndugalum xaalis mi teg ci kopparal sunum koom.

***Déggoo giii nu am tay dina tax ba Ngóornamaŋ bi man a tabax Sémbu koom ak koppar wu "Fonds monétaire international" ak mbooleem partaneer yi fas yéenee dugal seen loxo.*** Sémb wii dina tax ñu man a amal ay yeesal yu wér te wóor ngir yokkute gu am doole, sax te daj fépp, di jur ay xëy, jaare ko ci gën a dooleel pàcc-pàccee koom mi ci gox yi ak goxaan yi boole ko ak taxawal fànn yu am doole ci wàllu meññeef. Dina def sellal gi ci sunu finaas piblig yi muy jumtukaay bu wér ngir jariñ koom mi ak Saa-Senegaal yi, rawatina ñi gën a néew doole. »

## Genn déggoo, ñetti jubluwaay yu mag

« Yoon wu bees wii ñu rëdd ci sémbu koom ak koppar wii, mu ngi taxaw ci ñetti jubluwaay yu mag :

1. Yokkuteg yëngu yi nuy amal ci pénc jëm ci Càmm gu gën a xereñ, wuy taxaw temm ci yitte yi gën a soxal askan wi,
2. Xoolaat bu baax fi nuy jëmale ndimbal li ñuy jagleel askan wi ci wàllu yasara,
3. Caytu gu ñoŋ ci mbiru bor bi.

Taxaw ci ñetti jubluwaay yii rekk nag, ci lanuy manee àndandoo, joyyanti bu baax finaas piblig yi teg ci amal coppite gu sax dàkk ci sunu koom. »

## Càmm gu gën a xereñ te taxaw temm ci yittey askan wi



« Tay, sunu yéene mooy amal yoriin wu mucc ayib ci fi nuy dugal alalu askan wi boole ko ak gën jëmale yënguy Nguur gi ci fànn yuy jur meññeef yu wér ñeel sunu réew : jàpp  ci mbay mi, sos ay xëy, gën a suqali paj mi ak njàng mi, ak gën a jàppandil jot ci serwiis yi manul a ñàkk. Doxaliin woowu dina tax ñu gën a jëmale alal ji ci sémb yi gën a far ci "Agenda national de Transformation" « Sénégal 2050 » bi, baral jéego yi jëm ci door sémb yu mag yi boole ko ak gën a yokk xereñteg yëngu yi Nguur gi di amal ci wàllu suqaliku. »

## Sibwaasoo yi ci yasara gi : xoolaat ñi ñu koy jagleel ci anam gu maandu

Wàllu yasra gi nag dafa laaj xereñte gu wér. Moom yasara gi dafa doon yen wu diis lool ci jibay góor-góorlu yi, dundiinu askan wi, dooley këri ligéeyukaay yi ak woyofug finaas piblig yi. Solo si mu am ci sunu politig piblig yi nag moo tax nu war a taxaw temm ci gën a ñoŋal wàll wi.

Ci loolu, Ngóornamaŋ bi dina wéyal coppite yi, rawatina jaare ko ci gën a dooleel balluwaayi yasara yi ci réew mi, lépp ngir gën a jàppandil jot ci yasara boole ko ak wàññi bu baax njëg gi. Coppite googu nag dees na ko sukkandiku ci baral jéego yi jëm ci jëmmal sémb yu mag yi ci wàll wi, rawwatina wu am solo wii di « Gaz to Power » te ñu jot a door pàcc bu njëkk bi. Lu jëm ci taxawaayu sémbu koom ak koppar wu bees wii, dees na man a baral jéego yi ci pexe mii lépp ngir jox askan wi ak ndefar yi kuraŋ bu yomb boole ko ak gën yokk mdooley koom mi. Sunu jubluwaay nag dem ba yegg ci wàññikug lu jege 30 % ci  njëg yi.



Ngir yegg ci loolu nag, fàww nu baral jéego yi jëm ci amal coppite yi war ci wàll wi, waaye itam yaxanal bu baax alal ji nu ciy dugal. ñy gën a jariñu ci sistemu sibwaasoo bu matale bi nuy amal jamono jii mooy way-jëfandiku yu mag yi : **65 % ci sibawaasoo bi mu ngi jariñ 20 % ci way-jëfandiku yi gën a féex.**

Tolluwaay boobu nag bu weesoo ñàkk a yamale gi ci nekk, dafa diis gann ci jibay réew mi. Rax ci dolli itam day gàllankoor sunu njël li ci kanamu leeg-leeg yenn yokkute yiy am ci njëgi petorol bi ci biir àddina si, ba tax sibwaasoo yi di yokk ba Nguur gi dootu ko àttan. Kon fàww nu jóge ci pas-pasu sibwaasoo bu matale jàll ci ci teg matukaay bu jëm ci tànn ñi ñu koy jagleel ci anam gu maandu, nga xam ne day jëm ci ñi gën a néew doole ci wàllu koom.

Jubluwaay bi nag du bàyyi taxawu gi jëm ci askan wi, waaye gën koo dooleel, jaare ko ci jëmale yënguy Nguur gi ci jaboot yi gën a néew doole, yaaley bokkoo yi ak fànn yi gën a far ci wàllu koom ak dundiin. Su ko defee nag ca wet ga, ñi am doole ñoom itam fexee dugal seen loxo ci yenul seen bopp njëg yooyu ndànk-ndànk. Su boobaa nag alal ji ñuy sakkanal tey tukkee ci doxaliin woowu dees na ko man a jëmale ci fànn yu am njariñ yu mel ni gën a taxawu askan wi, suqali njàng mi, paj mi ak yeneen yi gën a far ci koomum réew mi.

## Caytu gu gën ñoŋ ak yoriin wu maandu ci alalu askan wi

« Dërëm bu nekk ci alalu askan wi wareef na koo dugal fa muy gën a jariñee saa-senegaal yi. Taxawaay boobu nag warul rekk yam ci wàllu yasara gi : dafa war a daj ci mbooleem yëngu yi nuy amal ci njël li. Fàww mu gën a am ug yamale, gën a peeg deppaas yi, xam yi ci gën a doon farata ak fa ñu leen gën a yittewoo, xoolaat yenn sémb yi te bañ a gàllankoor yiy jàpp ci wàllu yokkute, di jur ay xëy ak a soppi bu baax sunu koom.




Waaye nag jéego yi jëm ci joyyantiwaat warul a sukkandiku ci deppaas yi kese : day laaj itam ñu gën a yokk pexe yi ñuy dajalee koppar ci biir réew mi ci anam gu maandu. Jubluwaay bi nag du tegaat yeneen wareef ci kaw askan wi ak këri liggéeyukaay yiy dugal seen loxo ci yokkuteg réew mi ba noppi, waaye mooy fexee gën a yaatal lim biy fay galag, xeex bu baax yenn koppar yiy rëcc boole ko ak càmbaraat yenn galag yi ñuy baal ñenn ñi te maneesu koo layal ci wàllu koom.

Dees na xoolaat bu baax njariñ yi ci wàllu galag yi, xool bu baax taxawaay bu wér bi mu am ci koomum réew mi, taxawaayam ci sos ay xëy ak dugal xaalis, walla taxawaayam ci kaaraangeg askan wi. Jaayante gi ñuy laaj nag dafa war a leer ci boppu kenn ku nekk ñu amal ko ci anam gu maandu. Aktéer yi am dooley man cee dugal seen loxo war nañoo bay seen waar bu wér ci joyyanti réew mi. »

## Gën a dooleel matukaay yi ci wàllu ndimbal

« Wareefu yamale maneesu koo teqale ak aar ñi gën a néew doole. Yeesalug sibwaasoo yi kon du man a jàll bu baax lu dul ne dafa ànd ak ñu teg matukaay bu am doole ci wàllu ndimbal.

Koppar yiy bawoo ci doxaliin wu bees wi ci wàllu sibwaasoo yi dina tax ñu gën a man a aar góor-góorlu yi, gën a yaatal sémb yi aju ci wàllu ndimbal ak gën a yokk jumtukaay yi ñuy ràññee jaboot yi gën a soxla ndimbal ci réew mi. Loolu nag mooy solos doxaliinu Ngóornamaŋ bi : jëfandiku gu sell ci alalu askan wi, sàkku ci kenn ku nekk mu dugal ci loxoom ci kéem tolluwaayu kàttanam, ak fexe ba jéego yi ñuy teg ngir joyyanti réew mi doon luy gën a dooleel jàmmoo ci askan wi. »

## Taxawaayu këru liggéeyukaayi réew mi



« Wareef la itam ñu gën a xamal këri liggéeyukaayi réew mi seen wareef. Càmm gi dina wéy di bay waaram ak jàpp bu baax ci yëngu yu am solo yi manul a ñàkk ci réew mi. Waaye nag këru liggéeyukaay guy yëngu ci wàllu yaxantu dafa war a am modelu koom bu ñoŋ, doxaliin wu fullawu ak jubluwaay yu leer ci wàllu njureef. »

## Bokk jaayante ngir suqalikug Senegaal

« Gën a xoolaat deppaas yi, soppi sunu modelu koom, tànn ci anam gu maandu politig piblig yi ak gën a ñoŋal sunu bor bi, yii yépp yéene ji jenn la : jariñoo sunu alal ci luy jur meññeef, sos ay xëy, dimbali askan wi ak suqali Senegaal. »

## Li déggoo gi di indil këru liggéeyukaay yi

« Ngóornamaŋ bi dina baral jéego yi jëm ci fay bor yi mu ameel sektëer piriwe bi. Ci li des ci at mi, waajal nañu àmbolog bu tollu ci **300i milyaari FCFA** ngir fay li ñu ameel këri liggéeyukaay yi. Suqalikug finaas piblig yi ak taxawaayu bor bi dina tax ñu man a baral jéego yi jëm ci fay bor yi, dugalaat ay koppar ci koom mi, gën a suqali jibay këri liggéeyukaay yi boole ko ak ñoŋal finaasmaa yi ci ndugalum xaalis. Fay bor bi ñu ame ci biir réew mi, dina muccal ay xëy teg ci feddali kóolute gi ci këri liggéeyukaay yiy amlante ak Nguur. Ba tay, bànk yi doon lebal Nguur gi ci diiru ñaari at, dinañu amaat ci seen i kees lu ñu man a lebalaat këri liggéeyukaay yi, teg ci teggi xel-ñaar gi daan gàllankoor yenn dogal yi jëm ci ndugalum xaalis. »



## Li déggo gi di indil jaboot yi

« Payug Bursu sekirite fimiliyaal yi dina mat balaa njeextalu weeru sebtàmbar, muy balaa tijjitel lekool bi. Li ko dalee 2027, dees na ful koppar yi ñaari yoon, jële ko **70i milyaar ba 140i milyaari FCFA**, teg ci jële limub jaboot yi ñu ko daan jagleel ci **500 000** yóbbu ko ba lu ëpp benn milyoŋ. »

## Li muy indil réew mi

Ag déggoo ak FMI day màndargaal kóolute gu gën a feddaliku ci finaasu àddina si. Leegi nag day daal di am njeexital lu am solo : Bànk Monjaal, BAD ak partaneer bala ñu laa nangoo jàppale dañuy sukkandiku ci kaw nga am porogaraam, te seen finaasmaa yooyu ñooy gën a yomb te àpp bi mooy gën a gudd. Day soppi xaatim bu amoon gàllankoor def mu gën a óor. Day feddali taxawaayu Senegaal ci biir UEMOA ak dëgëraayu xaalis bi ñu bokk. Day may réew mi itam mu man a sottal ay sémbam : deesul kopparal gis-gis bu war a sotti ci ay at ci balluwaay yu kawe njëg, wóoradi te gàtt ab àpp. Joyyanti gii mooy kenob finaasu “Agenda national de Transformation” bi.

### PEXEM SAYTU BORUB SENEGAAL (PTDS)

#### Li ci mat a xam

Ngóornamaŋ bi jël na dogalu sóobu ci yoonu amal caytu gu ñoŋ ci bor bi, jaare ko ci Pexem saytu borub Senegaal (PTDS), di mbébet mu Kilifay Senegaal yi teg te fas ko yéene doxal.

PTDS bi doon na tontu lu méngoo ak tolluwaayu borub Senegaal. Dina tax ñu gën a ñoŋal bor bi, wàcce ko ba mu yemoo ak njëlu réew mi ngir méngale ko ak li ñu sàrtal ci wàll wi boole ko ak xàll ndànk-ndànk yoon yu jëm ci man a dajale koppar yuy tax ñu man a finaase sémb yi gën a far ci pénc mi, rawatina ci wàllu dundiin wi.

Bor bi ñu leb ci francs CFA du bokk ci sémb wi, ndax bàyyi xel solo si marse dig-digal bi am ci finaase Càmm gi ak koom mi..

PTDS bi day tàbbi ci doxaliin wu ñuy waxtaane te yëgoo ko ak mbooleem partaneeri Senegaal yi ci àddina si. Ci loolu, Ngóornamaŋ bi jot naa xamal partaneeram yi, yéene ji mu am jëm ci jëfandikoo kurél gii di “Cadre Commun du G20”, ci doxaliin wu gën a yaatu, lépp ngir teg benn arminaat bu jëm ci amal ay jataayi leeral ak yaatal xibaar bi ci mbooleem ñi mu ko séqal, boole ko ak amal ay jataayi weccente diggam ak mbooleem ñi mu yoreel bor.

Kaadar boobu dina tax ñu man a indi tontu lu dëppoo ak tolluwaayu borub Senegaal bi te dina may Ngóornamaŋ bi itam mu man a sottal ci lu gaaw mbébetam jëm ci gën a ñoŋal alalu askan wi..

PTDS bi dina am yeneen njeexital bu weesoo caytug bor bi. Wàññi bu baax dayob bor bi ak soxlay finaasmaa yi, dinañu tax ñu man a dajale ndànk-ndànk ay koppar boole ko ak jëmalewaat yenn yi ci fay bor bi Càmm gi ameel sektëer piriwe bi. Dina tax itam ñu man a dugalaat ay koppar ci koom mi, suqali jibay këri liggéeyukaay yi, gën a yokk seen man-man ci wàllu dugal xaalis boole ko ak jàpp ci sos ay xëy.

## Njariñi Pexem saytu boru Senegaal

Jubluwaayu pexe mi jëm ci caytug bor bi dëgg ab matukaay la ngir :

- Wàññi ndànk-ndànk diisaayu njël li,
- Delloosi man-mani Càmm gi ci wàllu koppar,
- Sàmm sunu man-man ci finaase sémb yi gën a far ci réew mi.

Muy kon fexe ba, ci doxaliinu kilifteef gii :

- Gën a dooleel manal sunu bopp ci wàllu koom,
- Feddali kóoluteg sunu partaneer yi,
- Moytu koom mi tàbbi ci guuta.

Bu weesoo caytug bor bi, PTDS bii day am taxawaayu ab lim ci ay pexe ngir :

- Woyofal bu baax jafe-jafey xaalis bi ci Senegaal,
- Indiwaat partaneeri Senegaal yi,
- Jàppandil doxug xaalis bi ci réew mi,
- Dooleel ndugalum xaalis biy bawoo biti réew,
- Fexe ba partaneer yi dooraat finaasmaa yi,
- Wàññi yonjaxug jibay Càmm gi ak gën a ñoŋal yoriin wi,
- Wàññi diisaayu bor bi,
- Baral jéego yi jëm ci fay bor bi Càmm gi ameel ñi muy jëflanteel,
- Dugalaat ay koppar ci koom mi,
- Gën a dooleel jibay këri liggéeyukaayi piriwe bi,
- Teg doxaliinu njub wuy dekkalaat yaakaar.

« Déggoo gii ak FMI ak  taxawalug  PTDS bi dañuy wane bataaxelu kóolute, xam sa wareef ak yéene ju wér ju méngoo ak “Agenda national de Transformation Sénégal 2050” bi ».




RÉPUBLIQUE DU SÉNÉGAL
BIC-GOUV
BUREAU D'INFORMATION ET DE COMMUNICATION DU GOUVERNEMENT

**CONTACT PRESSE :**
contact@bic.gouv.sn